

Rena-la e kòk-la

Tim-tim – bra chech.

Se te youn rena ki rele Freddy. Bò kote kay-li te genen youn magazin kote youn kòk ven`n diri, ble e banan. Kòk-la te rele Pitye. Freddy pat jan`m achte diri nan magazin kòk-la, paske li te gen pè krèt rouj-la. Freddy te panse se dife k`pa brile li.

Rena-a te gen telman pè, chak fwa li wè kòk-la li kouri ale.

Youn jou gran niaj te ramase sou vilaj kote rena Freddy e kòk Pitye te rete. Li kòmose genen lapli trè fò. Se te youn gran loraj – ven te soufle, pyebwa-yo fè mouvman, eklè e limyè te gen nan syèl-la. Tout moun eseye jwen youn plas sech pou proteje akos loraj-la.

Se te deja fè nwa, lè kòk Pitye te kouri pou lapli-a e li te kontan lè li te jwen`n youn vye ti kay, men li te sèch. Li te antre e chita.

Nan mem tan-sa-a rena Freddy te kouri nan lapli tou, e li chèche youn plas sèch tou. Li te jwen men`m ti kay-la e antre ladan`n. Lè li te antre, li te touche zèpol kòk-la, e li te konnen li pat sèl.

Youn moun te la ak li, mè li pat wè kilès li ye, paske li te fè nwa anpil andan ti kay-sa.

Rena Freddy e kòk Pitye te bay lanmen e yo kòmose pale. Lapli pat jan`m pase, sak fè yo pale lontan. Yo te simp a vin zanmi. Men rena-a pat konnen l`ap pale ak kòk Pitye. Pou lontan li te genen lapli, e finalman dòmi te pran tou lè de.

Nan matin loraj te fini. Freddy, rena-a, te leve anpremye. E li wè kòk Pitye k`ap dòmi bò kote`l. Nan kòmansman li te pè akos krèt rouj sou tèt kòk-la. Men apwè –sa li te aproche bò kote`l, li te touche tèt kòk-la, li te konpran`n se pa dife, men sèlman krèt kòk-la. Li pat pè ankò sa k`ap brile`l.

Lè kòk Pitye te lewe, tout lè de te ale nan magazin-an. Yo mange diri ansan`m.

Après sa-a Rena Freddy e kòk Pitye te bon zanmi. Freddy te vini souvan nan magazin pou achte diri e ble nan men li.

Li pat pè kòk-la ankò. Li te konnen se pa danje zanmi Pitye e mange diri ansan`m ak li.

Chak fwa rena-a te di bye-bye pou kòk-la, yo bay lanmen, e yo ambrase, e mem bò yo bò, paske yo te bon zanmi kounye-a.

Se sa listwa rena-a e kòk-la. Men li gen youn bagay moun-yo kap apren`n ladan`n.

Imagine ou tande youn moun ou konnen enfekte ak VIH. Nan kòmansman ou met pè ale bò kote`l. Kòm rena-a te pè ale bò kote kòk-la, paske li te panse krèt rouj ki sou tèt kòk-la danje.

Men si ou konnen, youn moun enfekte ak VIH nou pap enfekte si nou touche`l, manje ak li, ba`l lanmen, oubye ba li men`m youn bò, ou achte manje nan men-li.

Nou met aproche youn moun ak VIH kòm nou aproche pou tout moun. E n`ap wè yo pa danje nan kontakt nou genen ak yo chak jou.

Okontrè – tout sosiyete-ya net k`ap benefisyè anpil nan moun VIH-yo, lè yo toujou travay nan plas travay-yo e lè yo toujou rete ak fanmi-yo.